Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 20 (7316)
11 Май 2018 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Инсаният фашизмалдаса хвасар гьабураб праздник

(Районалда кIодо гьабуна КIудияб Бергьенлъиялъ 73 сон тIубай)



Чан сон долдаса нахъе аниги Россиялъе гьечIо гьелдаса гъвангъараб, гьел-даса багьа хирияб байрам. Бергьенлъиялъул къоялъулъ буго нилъер халкъалъул тIадегIанлъи, гьелъул бихьинчилъи, бахIарчилъи, ккаралдаса къварилъи ва бергьенлъиялдаса рохел. Гьелъ киналго захIмалъабазда цере цолъизарула нилъ ва сундулъго къуркьулареллъун гьаруна. Гьаб ккола киналго гIаламазул праздник. Гьелъ нилъ ругьун гьаруна ВатIан бокьизе, цоцалъ гъункизе, къвакIараллъун рукIине. Бергьенлъиялъул Къо ккола нилъер яргъил борхалъи.

9 Маялда КIудияб Бергьенлъиялъ 73 сон тIубаялде буссараб ракIалде щвеялъул тадбир букIана райадминистрациялда цебе. Гьеб байбихьана «Бессмертный полк» майданалде бачIиналдасан. Хадуб рагъулаб обелискалда цебе гIахьалчагIи ракIалде щвеялъе лъуна тIугьдузул венокал.

Тадбиралда гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, гьесул замал С. АрулмухIамадов, М. ХIасанова, РДялъул НСялъул депутат М. МухIамадов, бетIерасул кумекчIужу Р. ХIайбулаева, учреждениял организациязул нухмалъулел, райцентралъул коллективал, росабазул вакилзаби. Тадбир бачана П. ГьитIинмухIамадовалъ ва ГI-К. ГIабдурахIмановас. Гьез киналго гьалбадерие салам кьуна .

«Бессмертный полкалъул» шествиялда цебе букIана Бергьенлъиялъул Байрахъ, РФялъул Байрахъ, РДялъул байрахъги. «Бессмертный полкалъул» гIахьалчагIилъун рукIана районалъул ветераназул лъимал ва гьезулги лъимал. Бергьенлъиялъул байрахъалъул копие босулеб букIана рагъулав комиссар, подполковник Ш. МухIамадовас, РФялъул - «ГIаммаб лъай кьеялъул ХIурматияв хIалтIухъан М. ГIабдулаевас, РДялъул Байрахъ босана «РДялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан» М. МухIамадовас. Шествие ана рагъул кучIдузда ва бакъназда гъоркь.

Хадуб рагIи кьуна «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасе. Гьес абуна: - Хириял тылалъул захIматчагIи, хIурматиял районцоял! Къабул гьабе КIудияб ВатIанияб рагъда бергьун 73 сон тIубаялде буссараб ракI-ракIалъулаб барки. Гьеб букIана тIолабго дунялго хисизабураб лъугьа-бахъин! Гьеб букIана тIолабго инсаният фашизмалдаса хвасар гьабураб Бергьенлъи!



Рагъул саназда нилъер росабалъа рагъде ана 900 ялдаса цIикIкIун чи, тIад руссинчIо 400 ялдаса цIикIкIун чи.

Ахириял санازда рухIиябгун культурияб рахъалъ тарбия кьей лъик1лъана районалда. Жакъа нилъ унго-унголъунги налъулал руго Бергьенлъи гIагар гьабуразе. Даимаб рещц гьезие! Гьезул наслулъун рукIиналдаса рохизе ккола нилъ».

Баркиялъул кIалъаял гьаруна Р. ХIайбулаевалъ, Ш. МухIамадовас, захIматалъул ветеран К. Кондратенкоца, А. МухIастановас ва гь. ц.

ХIурматиял гьалбаллъун байрамалъул гьаруна тылалъул захIматчагIи. Гьезие сайгъатал кьуна ГI. НурмухIамадовас. Гьенибго ракълилаб зодихъе биччана 73 шар. Хадуб букIана концерт. Сценаялде рахана халкъияб творчествалъул «Унцукуль», лъималазул «Горянка» ансамблял. Рагъул темаялда кучIдул ахIана Ш. Мусаевалъ, М -ХI. ХIадисовас ва цогидазги. Ахиралда киназго ахIана районалъул гимн, гIуцIун букIана полевияб кухня, гьез гIадамазе кьуна рагъул заманаялъул квенал.

## ВатIан бокьиялъул рухIалда тарбия кьеялъе

КIудияб Бергьенлъиялъ 73 сон тIубаялъул праздникалда цебе 8 маялда киналго районалъул школазда ва ясли-ахазда тIобитIана Бергьенлъиялъул темагун тадбирал. Гьел байбихьана роха-хинлъиялъул линейкабаздасан. АхIана рагъул темаялда кучIдул.

Гьеб гуребги киналго росабалъ ана «Бессмертный полк» шествия, памятниказда цере тIугьдул лъей. Гьеб кинабго гьабуна гIисинго гIолеб гIелалъе патриотикиябгун ВатIан бокьиялъул рухIалда тарбия кьеялъул мурадалда.

## «Георгиевская ленточка»,- акция

КIудияб Бергьенлъиялъ 73 сон тIубаялъул праздникалда цебе районалда гIолилазул отделалъ тIобитIана «Георгиевская ленточка»,-абураб акция. Гьеб унаго федералияб трассаялда районалъул гIадамазе кьуна «Георгиевские ленточкаби».

## КIвар бугел суалалгун



Праздниказда цересел къоязда росабазул бутIрул ва цогидал жавабиял гIадамалги гIахьал гьарун данделъи тIобитIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьенир аслиял суалаллъун рукIана ракьал тIад хъвай, налогал ракIари, неформалияб занятость ва гьекъолеб лъел гьарурал анализазул бугеб хIал.

ТIоцебесеб суалалдасан кIалъана кадастровиялгун ракьазул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул хъулухъалъул нухмалъулев М. МалламухIамадов. Гьес тIадчIун бицана гьеб хIалтIи гьабизе кколеб куцалъул. Гьенибго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна ракьазул хIалтIи гьабиялъул суал районалда лъабго моцIиде рагIалде бахъинабизе кколин. Гьенибго тIадчIей гьабуна гьеб хIалтIи налогалъулалги гьоркьоре рачун гьабизе ккеялда. Хабар ккана «ЦIияб Рихьуни» росдал ракьазул статусалда хурхунги.

Налогазул, ракьал тIад хъваялъул ругел суалазул бицун кIалъана М. ГIадуев. Гьес бихьизабуна 20I7 соналъул налогал ракIариялъул суал I00 % тIубан бугин. Гьенибго бихьизабуна гьаб соналъул хIасилалги квешал рукIинарин.

Гьекъолеб лъел анализазул бугеб хIалалъул бицана ГI. НурмухIамадовас. ТIаде кколезда лъазабуна щибаб росдал иццазул къадар, кварталалъулал анализазул информация жиндихъе щвезабеян. Суалал тIаде кколезе кьуна тIадкъаял.

## РДялъул педагогазул Ассоциациялъул семинар



Гьал къоязда Шамильхъалаялъул № 8 ясли-ахикь букIана школалъул гIумроялде рахинчIезул педагогазул семинар. Аслияб тема букIана «Дагъистаналъе ритIухъав магIарулав»,-абураб. Гьеб буссараб букIана Р. ХIамзатовасул 95 сон тIубаялъул юбилеялде.

(Ахир 2 гьумералда)

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 20 (7316)*

*11 Май 2018 сон*

2 гьумер

МахIачхъала шагьаралъул аттракционалда апрелалда тIобитIараб «Радость сирот» абураб акциялда ДагъистаналдасаI500 лъимералъ гIахьаллъи гьабуна. Гьеб лъикIаблъун бихьизабуна «Патриот» АООялъ. ГIуцIарухъанлъун цере рахъана РДялъул захIматалъул ва социалияб хьезариялъул министерство, «Дракон» аттракцион ва «Инсан» фонд. Гьеб кьоялъ аттракционалъ лъимал тIаде кьабул гьаруна хIеренго. Гьеб акция гIадатлъун лъугьун ана республикаялда. Тадбиралъул аслияб мурад букIана лъимал эбел-инсулаб хинлъигун реэди, гьезде кIвар буссинаби.

Акция тIобитIулаго нахъегIан чIечIо «Унсоколо район» МОги. Нилъер КЦСОНалдасан гьенир гIахьаллъана 40 лъимер. Гьезие чIезабун букIана транспорт ва цогидалги рекIелгъеялда заман тIобитIиялъе шартIал. Гьел тахшагьаралде рачана П. ХIамзатовалъ. Гьединаб сапар районалъ бесдал лъималазе гIуцIана кIиабилеб нухалъ.

## РДялъул педагогазул Ассоциациялъул семинар

Литературиябгун музыкалияб тадбиралъул программаялда рукIана «Лъимер личностлъун гIезабиялъулъ художественнияб литератураялъул бугеб кIвар»,- абураб ва гIаммаб къисматалъул «АхулгохI» тарихияб бакIалде гьединго Рихьуни ГЭСалъул минаялде щвеялъул суалалги.

Семинар-совещаниялъулъ гIахьаллъана РДялъул лъай кьеялъул министерствалъул школалъул гIумроялде рахинчIезул рахъалъ консультант Х. Палиева, РДялъул ДОялъул педагогазул ассоциациялъул пред. Г. ГIубайдатова, районалъул бетIерасул зам. М. ХIасанова, бетIерасул кумекчIужу Р. ХIайбулаева, районалъул лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухIамадгIалиев, МахIачхъала, Каспийск, Буйнакс, Гъизляр, Дербент, Избербаш, Дагъ.Огни, Хасавюрт, Гъизилюрт шагьаразул, гьединго Хунзахъ, Хьаргаби, Гъуниб, Болъихъ, Унсоколо районазул вакилзаби.

Р. ХIамзатовасул творчествалда хурхараб литературиябгун музыкалияб композиция хIадурана «Солнышко» № 8 ясли-ахалъул чIахIиязул группаялъ. Жидерго тадбир гьез байбихьана «МагIарулазул гимн» абураб кечIалдасан. Лъималаз ахIана ва рикIкIана юбилярасул кучIдул, ясаз гьабуна «Танец журавлей»,-абураб кьурди, ахIана «МагIарулал»,-абураб кечIги.

Гьединго тIаде рачIаразда цере рахъана «Ромашка», «Ласточка», № 9 «Сказка» ясли-ахазул гьитIичал. Кьокъго абуни лъимал хIадурун ругоан кIудияб гьираялда ва махщалида.

Киналго гIахьаллъаraз загьир гьабуна лъималазде рокьи ва гьезулгун гьабулеб ишалъе ритIухълъи.

## Парадалда гIахьаллъана



БергьенлъиялъулКьо – 9 Маялда бахIарчияб шагьар Санкт-Петербургалъул Дворцовияб плошадалда букIараб Бергьенлъиялъул парадалда гIахьаллъана нилъер районалъул Унсоколо росулъа МуртазагIалиев Расул МухIамадович.

Расул МуртазагIалиев ккола медицинаялъул хъулухъалъул подполковник, Санкт-Петербургалъул Кировасул цIаралда бугеб аренд медицинаялъул академиялъул магистр.

2005-20I4 саназдa гьес врачасул хъулухъалда авиациониябгун техническияб базаялъул медицинаялъул хъулухъалъул начальникасде щвезегIан хъулухъалъул нух нахъа тана Новая Земляялда. 20I7 соналъул мартaлдаса нахъе вуго Воронеж областалъул госпиталалъул начальниклъун. ЦIализе лъугьун вуго Кировасул цIаралда бугеб рагьулгун-медицинаялъул академиялде.

# «Гьаб буго битIаралде рекIел цIайи бугезул махщел»

(ТIолгодунялалъул печаталъул рагIуе эркенлъиялъул Кьоялде)



**Маялъул байбихьуда дунялалдаго кIодо гьабуна печаталъул рагIуе эркенлъиялъул Кьо. Щибаб санайилго гьеб уна тIолгодунялалъул халкъазда печаталъул рагIуе ва пикрабазе эркенлъи букIине ккей ракIалде щвезабиялъул, гьелъул ихтиярал цIуниялъул асаралда гьоркь. Гьеб щула гьабун буго чиясул ихтияразул ГIаммаб деклорациялдаги. Праздникалъ тIолгодунялалъул халкъазе рес кьола халкъияб информациялъул хIалтIухьабазда цебе бугеб налъи тIубазе.**

Газеталъул редакторасул хIалхьи гьечIеб хIалтIуца тIалаб гьабула гIицIго литературияб гьунар-махщел гуребги гражданлъиялъулаб позицияги, ракI бацIцIалъиги. Гьеб ккола кинабго рекIеда тункулеб ва гIадамазул унти-кьварилъи жиндиргояб гIадин кьабул гьабулеб, бугеб хIал кигIан дагьабги хиса-баси ккечIого кьватIибе кьолеб налъиялъул, жидедего бачIунеб кьабиялде дандечIун бажарулел ва щибаб рагIул жаваб кьезе кIоледухъ кинабго ракI бацIцIадго гIуцIулел гIадамазул хIалтIи. Гьединайлъун йигизеги йиго гьей.

2003 соналъул I апрелалдаса нахъе Унсоколо районалъул «Ахихъан» («Садовод») газеталъул бетIерай редактор ккола КъебедмухIамадова Саният КъебедмухIамадовна. Гьаюна гьей Унсоколо росулъ. Эмен вукIана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, гIемерал ругъназул гIужал черхалдагун вуссана гьев рагъдаса. Эбел хIалтIулаан росдал совхозалда. Гьезул букIана щуго лъимал ругеб кIудияб хъизан.

I97I соналда росулъ гIаммаб лъай кьеялъул школаги лъугIизабун Саният цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул филологическияб факультеталъул гIурус ва авар мацIазул отделениялде. Хадуй бачIинахъего хIалтIизе лъугьана районалъул редакциялде радиовещаниялъул корреспондентлъун. Чанго сонидасан унго-унгояб творческияб гIадан йигин нухмалъиялъ гьей тIамуна «Ахихъан» газеталъул жавабияб секретарьлъун. Цо хIалалда букIинчIо гьениб ахIвал-хIал. Газета цIали сахлъиялъе данде кколарого дагьаб заманаялъ хисизе ккана Саниятица хIалтIи. Гьедин хIалтIана районалъул администрациялда кидагосел комиссиязул бетIерай специалистлъун.

Саниятилгун гара-чIвари гьабулаго гьелда ракIалде щвана цо гьадинаб лъугьа-бахьин: Гьей цIалулей йикIана школалда. Гьениса жиндирго гьудулзабигун рокьое ячIуней Саниятил бер кIутIана цо минаялда цере ругел гIубилал, цIакъ берцинал тIугьдузда. Гьенив ватарав ригь арав чиясдаса изнуги тIалаб гьабун гьалъ тIугьдузул букет гьабуна ва рокьобе босун лъимги тIун лъуна. Инсуца гьалда бицана гьеб бакI редакция бугин, гьенир газетал кьватIире риччалин. ГьебсагIат Саниятил ботIролъе бачIана пикру кIудияй гIедал гьений хIалтIилилан. Къисматалъги гьединабго тIаса бищи гьабун букIун буго. Гьаб гурищ доб къисмат...!

Гьале 44 соналъ хIалтIулей йиго дой гьитIинай ясалъ тIаса бищараб махщалида… Школалдаго гьеб хIалтIуда хIажалъулел предметазда тIадчIей гьабулеб букIиндалха гьелъ. Саниятица чIванкьотIун бицана жийго бетIерай редакторлъун тIамураб кьо-моцI. Гьеб букIана Саниятил гIумроялъул унго-унголъунги талихIкьвин ккараб заман.

МоцI бан букIана рос хун, тIаде ккун рукIана кIиго школалъул гIумроялда ругел лъимал. Гьедин яхьана цIияб хIалтIуде ва жийго тIадегIанаб бакIалда лъуразул божилъиги ритIухъ гьабуна.

Амма камулел рукIинчIо цIияб хIалтIуда гьелъие квал-квалал. Районалъул бутIрул рищулаго жидее данде кколарезул рахъалда йикIанин квал-квалал камичIо Саниятие хIалтIулъ. Амма ккарасда ккараб рагIиги абун, кколеб хIалалъ бачунаан гьалъ хIалтIи. Кьури гьечIеб гIамалалъ риххизарулаан данде рахъаразул тIадецуялги.

Редакциялда хIалтIулел гIолохъанал саназда Саниятица аслияб кIвар кьей бухьинабулаан КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул гIумро лъазабиялда, гьелда лъикIго бичIчIулаан рагъул гIахьалчагIи даимго рукIунареблъи ва гьел районалъул тарихалде гьоркьоре унеллъи. Щибал районалъул росабалъе ун гьезул материал бакIарана гьалъ ва жакъа гьезул хIакъалъулъ гIолеб гIелалъе бицине жо нахъе буго. -Гьеб буго хIалтIуда хурхун бищунго дир ракI бохулеб жо,-ян абула гьанже гьелъ. Саниятил эменги рагъдаса вуссана гIемерал ругъналгун, чорхолъе унтиги ккун. Гьелъги батила рагъул гIахьалчагIазул бугеб ахIвал-хIалалде, гьезул хIажалъабазде гьалъ кIвар кьолеб букIараб.

Газеталъул бетIерай редакторлъун Саният ячIараб мехалъ редакциялда рукIинчIо кинал рукIаниги шартIал. Цебесеб оборудование, линотип хIалтIул ахIвал-хIалалдаса ун букIана, ремонталде хIажалъи букIана минаялъулги. Цогидал районазул газетал компьютерталда гьаризе байбихьун рукIана, суратал лъезе кIолареб хIалалъ захIматаб ахIвал-хIалалда букIана нилъер газета. ХIажатал идарабазде ун ремонталъе дагьабго гIарац балагьана гьалъ, амма газета заманаялъул тIалабазда рекъон гьабилъе компьютералде рачIинчIого рес букIинчIо. Доб мехалъ вукIарав РДялъул печаталъул министр М-С. Гусаевасухъеги ун бицана Саниятица бугеб хIал, гьес кумек гьабизе рагIиги кьун букIана. Амма моцIцин бачIого чIвана гьев... Министерствалдасан балагьана компьютер, районазде, шагьаразде ун хIадурана дизайналъе хIалтIухьан. Гьедин тIоцебесеб газета компьютералда гьабуна 2014 соналъул 8 Марталде,-ян ракIалде щвезабуна Саниятица.

Гьел саназда Саниятгун хIалтIулез гьелъул рахъалъ абула гIицIго хинал, лъикIал рагIаби. Гьединго I980 соналда Саният цIализе лъугьана Ростовалъул журналистикаялъул факультеталде. Гьений цIалана гIицIго лъикIал къиматазда. Руго кIиго лъимал; васги ясги.

ГIемерал баркалаялъул кагътал, ХIурматалъул грамотаби руго гьелъул ракI-ракIалъ гьабураб хIалтIухъ щварал. Гьезда гьоркьор руго РДялъул печаталъул Министерствалъул грамотаби, РусГидроялъул цадахъ хIалтIи гьабулаго ТIолгороссиялъул «Энергия воды»,-абураб конкурсалда кIиабилеб бакI ккеялъул диплом ва авар мац1алъул Ассоциациялъул Баркалаялъул чанго кагътал ва гь.ц.

Жиндирго журналистлъиялъул кьеркьеялде байбихьулаго кIудияб анищ букIана Саниятил районалъул печаталъул хIалтIи тIасияб рахъалъ лъикIлъизабизе. Кинабго гуро гьелъие бокьухъе рукIалиде бачIинабизе кIвараб. Амма заманаялъ бихьизабуна гьей унго-унголъунги жиндирго ишалъул щвалде щварай махщелчIужу йикIин. Печаталда хурхараб гьелда лъала рекIехъе, бичIчIула гьеб ишалъул аслияб рахъалъун ритIухълъи букIин, гьелъул кьучIалда лъикIлъиялде, гIаданлъиялде гIадамал ахIизе кколеблъи.

Биччанте кидаго букIине эркенаб, битIараб печаталъул рагIи, печаталъул текст бищулеб гIадин бигьаго ине те гьеб гIумроялъулъе. ГIадада гурелъул абулеб печаталъе эркенлъи кьей гIадамасе гьавагIанги хIажат бугин, гьеб бугони бигьаго уна ракьалда гIумро, гьечIони гьанкъула талихIкьвараб эркенлъи.

**РахIмат КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**
**Информационнияб хьулухъалъул хIалтIухъан.**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 20 (7316)*
*Рузман*
*11 Май 2018 сон*

3 гьумер

**С а д о в о д**



# Информация для получателей ежемесячных денежных выплат по оплате жилого помещения и коммунальных услуг

УСЗН в МО «Унцукульский район» в соответствии с постановлением Правительства Республики Дагестан от 02 декабря 2016 года за № 374 «О внесении изменений в некоторые постановления Правительства Республики Дагестан» уведомляет о том, что приостановлены ежемесячные денежные выплаты по оплате жилого помещения и коммунальных услуг всем категориям граждан с 01.12.2017 года.

Для возобновления выплат необходимо представить в УСЗН в МО «Унцукульский район» следующие документы до 01.06.2018 года:

**1 Многодетным семьям:**
- сведения о доходах каждого члена семьи (либо отсутствие дохода);
- справки об отсутствии задолженности по оплате жилых помещений и коммунальных услуг либо

заключение и (или) выполнение соглашения (соглашений) по ее погашению;

**2 Ветеранам труда:**
- справки об отсутствии задолженности по оплате жилых помещений и коммунальных услуг либо

заключение и (или) выполнение соглашения (соглашений) по ее погашению;

**3 Инвалидам всех категорий:**
- сведения о платежах за газ, электричество и твердое топливо за 2017 год;
- справки об отсутствии задолженности по оплате жилых помещений и коммунальных услуг либо заключение и (или) выполнение соглашения (соглашений) по ее погашению;

**4 Специалистам на селе (педработники, медработники, культработники, соцработники, ветврачи):**
- справки об отсутствии задолженности по оплате жилых помещений и коммунальных услуг либозаключение и (или) выполнение соглашения (соглашений) по ее погашению;

В случае не представления до 01.06.2018 года вышеуказанные сведения выплата будетпрекращена, перерасчет за предыдущие месяцы не производится.

Для восстановления выплаты необходимо будет заново представить весь комплект документов необходимых для назначения ЕДВ по ЖКУ и выплата будет производиться со дня обращения получателей льгот.

<u>За справочной информацией можно обратиться по тел:</u>

Патимат Османовна - Унцукуль (кроме инвалидов)- **8 989 875-81 60;**

Патимат Магомедовна - Унцукуль (только инвалиды), медработники (всего района), Кахабросо- **8 989 868-44 41;**

Патимат Магомедалиевна - Аракани, Ирганай, Майданское- **8 989 450-18 79;**

Саният Магомедалиевна - Шамилькала, Харачи, Ашильта- **8 988 298- 96 50;**

Умаразият Башировна - Гимры, Балахани, Зирани, Моксох- **8 988 267- 44 45;**

Айшат Магомедовна - Цатаних, Иштибури, Колоб- **8 989 445-82 2**

# Лагерь «Собибор»




В эти дни во всех кинотеатрах РД проходит показ фильма Константина Хабенского «Собибор», повествующего о событиях октября 1943 года в концентрационном лагере Собибор.

Фильм рассказывает историю сопротивления человеческого духа бездушной бездушной машине уничтожения. В октябре 1943 года заключенные лагеря Собибор во главе с лейтенантом Красной Армии Александром Печерским поднимают восстание - единственное успешное восстание в нацистском лагере смерти.

# Реабилитационный Центр информирует:

В селении Унцукуль Унцукульского района, по адресу А. Абдулаева, 4 (рядом с районной поликлиникой) расположен действующий реабилитационный центр для детей и подростков с ограниченными возможностями. Центр рассчитан на 23 койки: 11 коек формы стационарного обслуживания и 12 – формы полустационара, т. е. дневная форма. В стационаре дети принимаются с ухаживающими.

В стационаре и в полустационаре нашего Центра оказываются следующие услуги:

Социально-медицинские, направленные на поддержание и улучшение здоровье детей с ограниченными возможностями (массаж, физиотерапия, медикаментозное лечение, оздоровительная физкультура).

Социально- психологические, направленные на коррекцию психологического состояния ребенка, на адаптацию в среде обитания, а также проводятся беседы, тренинги, занятия по релаксации.

Социально-педагогические, направленные на профилактику отклонений в поведении, формировании, позитивных интересов, помощь в усвоении школьных предметов, организация досуга и содействие в семейном воспитании.

Социально-бытовые, направленные на поддержание жизнедеятельности детей с ограниченными возможностями в быту. Реабилитируемые обеспечены четырех разовым питанием. Наш Центр содействует в посещении театров, выставок и других культурных мероприятий.

Коммуникативные, обучение навыкам самообслуживания, поведения в быту и в общественных местах.

Для оказания вышеперечисленных услуг в Центре имеются квалифицированные работники: врач. Медицинские сестры, психолог, специалисты по работе с семьей, инструкторы по физкультуре и по труду. Все услуги в нашем Центре оказываются БЕСПЛАТНО !!!.

Наш коллектив будет рад видеть Вас!

По любым вопросам обращаться по телефону **– 55-63-62. Номера зав. отделениями: 8-906-447-83-43;8-988-290-37-86; 8-909-486-97-12**

# Внимание!!! Конкурс социальных проектов и практик наставничества.

Уважаемые жители Унцукульского района!

По инициативе почетных граждан городов и районов Ростовской области и при поддержке члена Общественной палаты Российской Федерации Леонида Шафирова на Юге России объявлен конкурс социальных проектов, практик наставничества и волонтерской работы «Воля и великодушие». Пять победителей первого этапа конкурса получили мини-гранты для оплаты проезда и проживания и стали участниками форума активных граждан Южного федерального округа «Сообщество», который состоялся в Астрахани 28-29 марта 2018 г.

Конкурс среди гражданских активистов, представителей общественных и коммерческих организаций, журналистов проводится в Ростовской области второй год подряд. Но в нынешнем году активным гражданам предлагают рассказать не только о реализованных социальных проектах в различных сферах, но и о своей наставнической и волонтерской деятельности.

– В прошлом году на конкурс «Воля и великодушие» поступило более 250 заявок только из Ростовской области, – комментирует член организационного комитета, ветеран педагогического труда Зинаида Болотова. – Многие из них так или иначе были связаны с воспитанием детей и молодежи – наставничеством в разных сферах. Поэтому возникла идея расширить границы конкурса и предложить отдельное направление «Лучшая наставническая практика». И, конечно, в год, объявленный Президентом Российской Федерации Годом добровольца, необходимо отметить лучших волонтеров. Кроме того, для того, чтобы участники конкурса смогли обменяться опытом с коллегами из других регионов юга страны, конкурс объявлен открытым для гражданских активистов ЮФО и СКФО. Надеемся на поддержку в проведении конкурса со стороны региональных общественных палат, членов Общественной палаты Российской Федерации от субъектов Федерации, расположенных на юге страны.

Конкурсные направления «Лучший социальный проект», «Лучшая практика наставничества» традиционно предусматривают большое количество номинаций, которые позволяют рассказать о социальном подвижничестве в самых разных сферах жизни: в образовании и в культуре, в экологии и в охране окружающей среды, в сфере повышения финансовой грамотности и профилактики правонарушений среди подростков, в сфере туризма и развития сельских территорий, совместных проектов бизнес-организаций, организаций социальной сферы и волонтеров.

В направлении «Лучшая волонтерская работа» организаторы ожидают получения конкурсных заявок от добровольцев разных возрастов – и от юных помощников, и от волонтеров серебряного возраста.

Победителей конкурса определит экспертный совет, в который войдут почетные граждане городов и районов Юга России, ветераны отраслей народного хозяйства.

Заявки на конкурс принимаются до 1 июня 2018 года.

Ознакомиться с положением о конкурсе можно по ссылке: **https://yadi.sk/i/1FDqbK_53UJbnL.**

Медикасул хIакъалъулъ рагIи

# ХъахIаб халгIаталъе ритIухъай

Радал 8 тIубараб гIуж. ХIалхьиялда ругел унтарал циндаго врач «РорчIами, рахъаралищ, жакъа щиб хIал бугеб нужер?»,-ян палатаялъубе жание ячIиндал, киназго цо хIалалъ гIадин, лъикI руго,-ян жаваб кьуна. -Сордо кин рогьараб? Гьале жакъа мун лъикI йиго! Гьедин байбихьула врач-невролог НурмухIамадова ГIайшат СагIабдулаевналъ жиндирго хIалтIул къо. Гьелъул роцIараб, гьайбатаб гьими унтаразе цIакъ рекIее гIола.

НурмухIамадова ГIайшат СагIабдулаевна гьаюна Унсоколо районалъул Унсоколо росулъ I987 соналда гIадатияб хъизаналда. 6 сон байдал ГIайшат цIализе лъугьуна МахIачхъалаялъул 11 школалде. ЛъикIал къиматазда школаги лъугIизабун 2003 соналда цIализе лъугьуна Дагъистаналъул медакадемиялде. Лъик1ал къиматазда гьебги лъуг1изабун 2009-20II соналде щвезегIан лъугIизабуна ординатураги. Гьений тIадеги цIалана неврологиялъул унтабазул лъай щула гьабиялъе. Гьеб соналдаса нахъе хIалтIулей йиго республикаялъул ветераназул централияб госпиталалда врач-неврологлъун.

Щибав унтарасда бицине хIеренаб, рекъараб рагIи батула ГIайшатида. Киназего бокьула гьелъул палатаялде ккезе. Гьаб гIадамасул къадру-къимат гIодобе ккараб заманалда НурмухIамадовалъул хераздехун, чIахIияздехун х1еренаб бербалагьи букIуна. ХIалтIул санал дагьал ругониги ГIайшатил хIалтIуе унтараз лъикIаб къимат кьолебги буго.

Нилъеда киназдаго лъала ГIабдусаламовазул хъизанго гIадамазул сахлъи цIуниялда тIад хIалтIулеб букIин. ГIайшатиеги гьеб махщел эбелалдасан щвараб буго. Гьей гьабсагIаталда хIалтIулей йиго республикаялъул тIомол унтабазул больницаялда кIудияб медсестралъун. Гьелдасаги рази руго больницаялъул нухмалъулел. Гьале жакъаги Унсоколоса ХIабсатил ва Аминатил, Гъуниса Хадижатил, КIкIуядаса ГIайшатил, киналго I04 палатаялъул унтаразул ва дирго рахъаласанги бокьун буго ГIайшат СагIабдулаевналъе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе, нижер сахлъи тIад буссинабуралъухъ ва гьаризе гьелъие чорхое сахлъи, халатаб – гIадамал, унтарал разияб гIумро. ТIубайги дур ракIалъул мурадал, кидаго хутIайги мун тIад ретIараб хьахIаб халгIаталъе ритIухъайлъун.



**Палатаялъул киналго унтаразул рахъаласан хъвана Унсоколоса ХIасанова Умагьаница**

# Байкерал - районалда




ТIолгороссиялдаго мотосезон рагьиялъул рамкаялда жаниб 3 маялда нухда инаго нилъер районалда лъалхъи гьабуна 50 байкераздасан гIуцIараб колоннаялъ. Гьел ккола Россиялъул ва къватIисел пачалихъазул маш-гьурал мотоциклал БМВ рокьулезулги ва машгьураб «Black Eagles MC» (Черный орёл) мотоклубазул байкерал. МугIрул территориалияб округалде унаго гьез рештIен гьабуна Унсоколо районалъул администрациялда цебе бугеб майданалда.

Гьалбадерида роха-хинлъун дандчIвай гьабуна райадминистрациялъул хIалтIухъабаз ва гьелъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Мотоциклал рокьулезда саламалъулал рагIаби абуна гьес, баркана 20I8 соналъул сезон рагьи. Миллиял квеналгун гьезие хIадурун букIана стол, гьабуна гьитIинабго концерт, букIана кечI-бакъан.

Гьалбал хIайранлъун ралагьулел рукIана сверухълъиялъухъ, кьолел рукIана гIемерал суалал, рахъана суратал. Сезоналъул гIахьалчагIаз бихьизабуна гьеб сапар гьабулеб букIин КIудияб Бергьенлъиялъ 73 сон тIубаялъул хIурматалда. Бицана туризм цебетIейги бугин нижер мурад,-абун.

Ахиралда хинаб къабул гьариялъухъ гьалбадерица баркала загьир гьабуна, бетIерас кьуна гьезие гIисинал сувениралги. Хадуб мотоколонна ана Шамиль районалъул рахъалде. Гьалбадерие нухда хIинкъи гьечIолъи чIезабуна полициялъулаз.

## *БукIана балагьаб рагъ!*

БукIана гIассияб, гурхIел гьечIеб рагъ
ГIемерал миллатаз би гIодой тIураб,
ЩIадул кор боркьараб, кьвагьи гIемераб
Зобалда, ракьалда гъугъай кутакаб.
Гитлер, Гебельс, Гимлер- немцазул къокъа
Къавулъе лъугьана, Германиялъул,
Фашизм гIуцIулел идеячагIаз
Божизе гьабуна жидерго миллат.
Барбаросил план кьучIойги босун
Кьолона фашистал дунял квегъизе,
Жидер цебе тIураб раса кколилан
Расги гIайиб гьечIеб гIалам гъуризе.
Берлин, Рим, Токио – союзги гIуцIун
ГIедегIана Гитлер, заралги рукъун,
Щокробе щвезегIан яргъид гIуцIарал
РикIкIен гьечIел боял дандеги гьарун.
Байбихьуда щварал бергьенлъабаца
Мехтана хъантIарал гьазул тIадчагIи,
ДандечIей гьечIого рахъарал ракьаз
Гъира-цIа борхана гитлерилазул.
ТIолгодуналда кверщел гьабизе
Хиялал гьаруна гIаштIичагIаца,
Бащадаб Европа кодойги босун,
Ирга щвана гьазул СССРалде.
Ракълие гьабураб кьотIиги биххун



ХIиллагун кIанцIана гьелъул ракьалде,
Бидул гIорал риччан гIаламги гъурун
ЧIунтелал гьаруна киса-кирего.
Къуватав тущмангун, цIоб гьечIеб рагъда
ХIадурлъи гьечIел нилъ, гIемер гъурана,
ЧIунтана росаби, шагьарал, ракьал
ЩIадул кор боркьарал рукIана санал.
«ЩIияб гIадлуялъе» инкар гьабурал
БотIролъ гулла речIчIун гIодор лъолаан,
Арийцазул сипат рекIее гIечIел
ЧIаго рехулан хобазда жанир.
Гьалмагъ Сталинил бетIерлъиялда
ГIуцIана ГКО – нухмалъиялъе,
Гитлерил къуватал щущазаризе
Рехана ВатIаналъ тIолабго къуват.
Киналго миллатал цоцалъги гъункун
Тушманасде данде кьолденлъун чIана,
Жибго пири гIадаб хехго лъугIулеб
Рагъалъ тIолго дунял кодой босана.
Москвалда аскIоб кьаби щварабго
Рагъ халалъулеблъи лъана немцазда,
Сталинградалда горболъ жо байдал
Гитлерил черхалда сири речIчIана.
Рагъулаб коронир рижун рачIана
ЩIар арал маршалал, генералзаби,
Жуков, Васильевский, Конев, Толбухин,
Ракасовский, Чуйков ва цогидалги.
Маршал Жуковасул нухмалъиялда
Нилъер аскараца Берлин босана,
Гьайбатаб праздник, 9 Май
Даимлъун хутIана, Бергьенлъи гIадин.

**ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ.**
**Врач, ЗахIматалъул ветеран**
**Гъизилюрт шагьар.**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 11. 5. 18 г. 14. 20
фактически -17. 50 мин.

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.